

## Anpwazonman ak plon ka evite a 100%



Lave men pitit ou anvan li manje, pran goute, ak anvan li al dòmi.



Repare tout penti ki dekalè oswa k ap dekalè.



Lave jwèt, bibwon ak tetin yo souvan.



Netwaye espas kote timoun yo jwe yo ak mòp oswa twal mouye.



Ba yo manje ki gen anpil fè, kalsyòm, ak vitamin C.



Evite sirèt, jwèt, pwodui kosmetik, ak remèd ki fèlakay ki enpòte.



Sèvi ak dlo tiyo frèt pou bwè, fè manje, ak prepare bibwon



## Pwoteje Pitit ou yo kont Anpwazonman ak Plon



Health and  
Human Services  
Public Health

Vizite paj Childhood Lead Poisoning Prevention Program nan sou [hhs.iowa.gov](https://hhs.iowa.gov) oswa rele nan 1-800-972-2026 pou plis enfòmasyon sou prevansyon anpwazonman ak plon lakay timoun.



Health and  
Human Services  
Public Health

## Kisa Ki Lakòz Anpwazonman ak Plon?



Timoun yo ka ekspozé ak plon si y ap viv oswa yo vizite kay ki te konstwi anvan lane 1978. Lòt sous plon yo ka gen ladan yo:

- ▶ Antikite
- ▶ Kle
- ▶ Reparasyon machin
- ▶ Vit ki gen koulè
- ▶ Bagay pou atire pwason nan lapèch
- ▶ Epis
- ▶ Reparasyon nan kay
- ▶ Sirèt Enpòte



*Kle ki fèt ak kwiv melanje (leton)*



*Veso ki fèt an ajil*



*Penti ki gen plon sou fenèt ki ansyen yo*



*Antikite*

## Ki Sentòm Anpwazonman ak Plon?



Majorite timoun ki anpwazonnen ak plon pa parèt malad, men kèk sentòm ka gen ladan yo:

- ▶ Eksite fasil
- ▶ Pwoblèm pou konsantre
- ▶ Doulè estomak ak vomisman
- ▶ Mal tè
- ▶ Plis fatige ke dabitid
- ▶ Fache fasil
- ▶ Difikilte pou aprann
- ▶ Pèdi pwa
- ▶ Kwasans ralanti
- ▶ Reta devlopman



Yo rekòmande pou tout timoun fè tès lè yo gen 12 mwa ak 24 mwa epi yo dwe evalye risk la nan chak vizit medikal regilye pou timoun.

## Kijan tès plon nan san fonksyone?

Gen de kalite tès plon nan san: kapilè ak venn Tès **kapilè** a itilize yon ti gout san yo pran nan dwèt timoun nan pou detekte prezans plon, rezilta yo disponib nan kèk minit. Si tès kapilè a montre prezans plon, yon tès san nan **venn**, kote yo pran san nan bra a, ap konfime nivo plon nan san an.

## Nivo Plon nan San Pitit Ou a

\_\_\_\_\_ gen yon nivo plon nan san  
\_\_\_\_\_ mikwogram pa desilit( $\mu\text{g}/\text{dL}$ )

**Pou yon Nivo Plon Nan San Ki Pi Ba pase  $3.5 \mu\text{g}/\text{dL}$ ,** pa gen okenn aksyon ki nesesè. Rete vijilan pou nenpòt posiblite ekspozisyon ak plon nan anviwònman an.

**Pou yon Nivo Plon Nan San Ki Ant  $3.5$  ak  $9 \mu\text{g}/\text{dL}$ ,** pale ak founisè swen sante ou a sou fason pou idantifye sous plon yo, epi sou enpòtans bon nitrisyon ak netwayaj regilye nan kay la.

**Pou yon Nivo Plon Nan San ki egal oswa pi wopase  $10 \mu\text{g}/\text{dL}$ ,** pitit ou a bezwen plis swivi medikal. Gade anba a pou lè ki apwopriye pou tès yo refèt.

## Rezilta Pitit ou

Rezilta	Dat Tès Venn
10-14	Nan lespas 3 mwa
15-19	Nan lespas 1 mwa
20-44	Nan lespas 1 semèn
45-69	Nan lespas 48 èdtan
70 oswa plis	TOUSWIT

Pitit ou a ta dwe fè tès la anvan dat sa a: \_\_\_\_\_